## Ádebiyatlar

1. Alixonov S. Matematika óqitish metodikasi Qayta ishlangan II nashri. T., «Óqituvchi» 1997 yil.
2. Asqarov M., Eshanov M., Madireymov I. Algebra hám matematikalıq analiz tiykarları páninen máseleler hám shınıgıwlar toplamı. Oqıwlıq qollanba. Nókis-2001j. (74 bet).
3. Dalinger V.A. Nachala matematicheskogo analiza. Tipichnıe oshibki, ix prichinı i puti preduprejdeniya: uchebnoe posobie. – OMSK: Izd-vo OOO «Izdatel-Poligrafist», 2002. – 158 s.
4. Qurbanbaev O., Asqarov M., Jakaeva K. Algebra hám analiz baslaması. Akademiyalıq litsey oqıwshıları ushın qollanba. Nókis-1999j.,6,75 baspa tabaq.(106 bet).



**REZYUME**

Maqolada matematikani óqitishda xatolar ustida ishlash usullari va metodlari kórsatilgan**.**

**РЕЗЮМЕ**

В статье описаны методы и приёмы работы над ошибками в преподавании математики.

**SUMMARY**

The article describes the methods and techniques of working on errors in the teaching of Mathematics.


# МЕКТЕП ОҚЫЎШЫЛАРЫНЫҢ ҲУҚЫҚЫЙ МӘДЕНИЯТЫН ҚӘЛИПЛЕСТИРИЎДЕ ҲУҚЫҚ ПӘНЛЕРИН ОҚЫТЫЎДЫҢ ӘҲМИЙЕТИ


**Б.И.Арзиева –** *үлкен оқытыўшы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** конституция, демократия, ҳуқуқ, маданият, иммунитет, онг, педагог, синф, тарбия, социализация, шахс, дарс, фуқаро.

**Ключевые слова:** конституция, демократия, право, культура, иммунитет, сознание, педагог, класс, воспитание, социализация, личность, субъект, гражданин..

**Key words:** constitution, democracy, law, culture, immunity, consciousness, pedagogue, class, upbringing, socialization, personality, subject, citizen.


Жәмийетимизде хуқықый мәдeният тийкарларының қәлиплесиўи, биринши гезекте, елимизде пуқаралық жәмийети қурылыўы хәм демократиялық раўажланыўының гиреўи есапланады. Бул процесстиң нәтийжелилиги пуқаралар, әсиресе, жаслар хәм жас өспиримлер арасында кең нәсиятлаў ҳәм оқытыў менен тығыз байланыслы. Бул хаққында Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2019- жыл 9- январьдағы ПФ-5618-санлы «Жәмийетте ҳуқықый сана ҳәм хуқықый мәдениятты көтериў системасын түптен беккемлеў ҳаққында» ғы Пәрманында «Пуқаралардың хуқықый санасы ҳәм хуқықый мәдениятын күшейтиўге байланыслы жумыслар нәтийжелилигин және де раўажландырыў, пуқаралардың социаллық-сиясий өзгерислер менен биргеликте хуқықый билимлерин асырып барыўдың заманагөй усылларын пайда етиў, сондай-ақ, әсиресе жаслардың зыянлы мағлыўматлардан қорғаў бойынша беккем хуқықый иммунитетти қәлиплестириў» тийкарғы ўазыйпа етип белгиленген еди [2].

Ҳуқықый мәдениятты қәлиплестириў процесинде де социал-гуманитар пәнлер ишинде ҳуқық пәнлери айрықша орын ийелейди. Улыўма билим бериў мектеплеринде ҳуқық пәнлериниң оқытылыўы оқыўшылардың ҳуқықый билимин, ҳуқықый мәдениятын хәм хуқықый санасын қәлиплестириўде тийкарғы қурал болып есапланады.

Келешек әўладтың ҳуқықый мәдениятын, ҳуқықый санасын қәлиплестириў - демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жамийетин раўажландырыўдың тийкарғы шәрти болып есапланады. Усы себепли өсип киятырған жасларды кәмил инсан дәрежесинде тәрбиялаў, олардың ҳуқықый санасын қәлиплестириў, ҳуқықый мәдениятын раўажландырыў жәмийет ағзаларының, соның ишинде, ҳуқықтаныўшы оқытыўшылардың тийкарғы ўазыйпасы болып табылады. Өзбекстанда усы тараўдағы ис-илажлардың хуқықый тийкарлары жаратылған. Мысалы, 1997- жылы 25-июньда «Ҳуқықый тәрбияны жақсылаў, халықтың хуқықый мәдeният дәрежесин көтериў, ҳуқықтаныўшы педагог кадрларды таярлаў системасын тереңлестириў, жәмийетшилик пикирин үйрениў жумысларын жақсылаў ҳаққында»ғы, «Жәмийетте ҳуқықый мәдениятты жетилистириў ҳаққынды»ғы Биринши Президент пәрманлары, сондай-ақ, жоқарыда келтирилген, 2019-жыл 9-январьдағы «Жәмийетте ҳуқықый сана ҳәм ҳуқықый мәдениятты көтериў системасын түптен беккемлеў ҳаққында»ғы 5618-санлы Президент пәрманы ҳәмде 2019-жыл 31-декабрь кунги Министрлер Кабинетиниң «Үзликсиз мәнаўий тарбия концепциясын тастыйықлаў ҳәм оны әмелге асырыў ислмажлары ҳаққында»ғы 1050-санлы қарары жаслардың ҳуқықый мәдениятын, ҳуқықый саўатлылығын, ҳуқықый тәрбиясын жетилистириўде үлкен әхмийетке ийе.

Хуқық пәнлери улыўма билим бериў мектеплериниң оқытыў процесинде үлкен әҳмийетке ийе. Тийкарынан, хуқықый мәдениятты қәлиплестириў басланғыш класслардан басланып, бул пәнлер оқыўшыларда әдепикрамлылық, улыўмаинсаныйлық түсиниклер, Ўатанды сүйиў, патриотизм, мийнет сүйгишлик ҳәм т.б. түсиниклер менен биргеликте, демократиялық жәмийетке тән болған хуқықый әмелият тийкарларын, яғный, ҳәр бир оқыўшының өз хуқықларын билип, түсиниўи, мәмлекеттиң символларын ҳүрмет етиўи, әмелдеги ҳуқық нормаларын үйренип ҳәм оларға бойсыныўы, өзгелердиң хуқық ҳәм еркинликлерин ҳүрмет етиўге тәрбиялайды.

Улыўма билим бериў мектеплеринде 5-7- классларда «Конституция әлемине саяхат» пәни оқыў жылы даўамында 17 саат көлеминде, жоқары классларға келип, яғный 8- класста «Өзбекстан Республикасы мәмлекет ҳәм ҳуқық тийкарлары», 9- классларда болса, «Конституциялық ҳуқық тийкарлары», ал 10-11- классларға келип «Мәмлекет ҳәм ҳуқық тийкарлары» пәнлери ҳәр бири улыўма жыллық 34 саат көлеминде өтиледи. Мектеп оқыўшыларының ҳуқықый мәдениятын, тәрбиясын қәлиплестириўде, олардың билимин жетилистириўде басқа да социаллық-гуманитар пәнлерде оқытылады.

Улыўма билим бериў мектеплеринде балаларға дәслепки жыллардан баслап-ақ Конституция негизлери, оның тийкарғы бөлимлери ҳәм нормалары хаққында түсиниклер берип барылады. Бул оқыўшылардың социализацияланыўы (бейимлесиўи) бойынша ең биринши ис-хәрекет болып табылады. Бир қатар қәнигелер ҳуқықый тәрбия – шахстың ҳуқықый социализацияланыўы процесиниң ажыралмас бөлеги болып, ҳуқық талапларын ҳүрметлеў, олардың регулятивлик (тәртиплестириў) функцияларын тән алыўы» деп түсиндиреди [3]. Баслаўыш классларында алған ҳуқықый билимлер орта классларда даўам етип, Конституцияда көрсетилген базы бир нормалар тереңлестирилип үйрениледи. Бул дәўирде шахстың тийкарғы ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм миннетлери үйрениледи, сондай-ақ, улыўма инсаныйлық нормаларды қәлиплестириў менен биргеликте алып барылады. Усы жерде айтып кететуғын

жағдай – бул процесс үзликсиз болып, оқытылатуғын басқа да гуманитар пәнлер менен тығыз байланыста жүргизилиўи тийис. Усы дәўирде класс басшысының роли жүдә әҳмийетли. Орта классларда жүргизилетуғын «Тәрбия сабақлары» барысында шөлкемлестириў ҳәм тәлим-тәрбия мәселелери менен биргеликте улыўма хуқық тийкарлары түсиндирилип, тил, әдебият, тарийх оқыўлықларындағы келтирилген материаллар негизинде киши сәўбет, дискуссия яки кишкене көринислер шөлкемлестириў мүмкин. Биринширден, бул жағдайда тәжирийбе (яғный, оқыўшыларда анық ситуация бойынша жуўмақ, яғный тәжирийбениң пайда болыўы) тийкарында түсиник қәлиплеседи. Екиншиден, оқыўшылардың ойлаў қәбилети, билим шеңбери кеңейеди.

Кейин ала мектеплерде жүргизилетуғын ҳуқық пәнлери шеңберинде оқыўшыларға өз ҳуқықларын, еркинликлерин ҳәм нызамлы миннетлерин аңлап алыўы, мәмлекет органлары, олардың искерлиги, мәмлекетлик нышанлар, мәмлекетлик тил, сондай-ақ жәмийетлик бирлеспелер, сиясий партиялар, шаңарақ ҳаққында улыўма түсиниклер берилип барылады.

Ал «Мәмлекет ҳәм ҳуқык тийкарлары» пәни болса мектеп оқыўшыларына, мәмлекет ҳәм ҳуқық, ҳуқық тараўлары, нызам, нызамшылық, ҳуқықбузарлық, жынаят, жаза ҳаққында билим ҳәм көнликпелерди пайда етиўди өз алдына мақсет етип қояды.

Көпшилик ўақытта ҳәзирги Қарақалпақстан мектеплеринде пәнди оқытыўдың тийкарғы формасы - бул сабақ. Басқа пәнлер сыяқлы ҳуқық сабағы да ҳәр қыйлы формаларда: сәўбетлесиў сабағы, баянат сабағы, семинар сабағы, қайталаў-беккемлеў сабақлары түринде өтилиўи мүмкин. Турмысымызға жаңа технологиялардың кирип келиўи өтилетуғын сабақ даўамында заманагөй оқытыў үскенелерин пайдаланыўды талап етпекте. Соның менен бирге, бундай сабақтағы барлық искерлик педагогикалық, психологиялық пәнлердеги жетискенликлерди, педагогтың тәжирийбесин есапқа алған жағдайда әмелге асырылды. Ҳуқық пәни оқытыўшысы ҳуқықтаныў ҳәм ҳуқық педагогикасы тараўында арнаўлы таярлыққа ийе болыўы бул шәртли түрдеги талап. Педагог билим бериў менен бирге инсан ҳуқықларының үстемлиги, оқыўшылар тәрепинен жәмийеттеги тынышлық ҳәм парахатшылық орталығын абайлаў ҳәм ҳүрмет етиў, ҳуқық бузыўшылықтың алдын алыў, ҳуқықый санасын жоқарылатыў, ҳуқықый саўатлығын асырыўдан ибарат. Соның менен бирге, мектепте өтилетуғын ҳәр бир сабақ оқыўшыларда дослық сезимин раўажландырыўы, класстағы болып атырған жағдайларға жәмәәт болып жуўап бериўге үйретиў керек. Бул класстың аўызбиршилигин, мектептеги Жаслар аўқамының жумысларын еле де жетилистириўге, тәрбиясы аўыр оқыўшылардың минез-ҳулқына өзиниң унамлы тәсирин тийгизеди.

Оқытыў процесинде хуқық пәни оқытыўшысы зәрүр жағдайларда ҳуқықый сөзликке, юридикалық атамаларға сүйене билиўи керек. Себеби айырым атамаларды болжаў менен үстиртин болмайды. Сабақты өтиўде оқытыўшы және де көбирек баспасөз, көркем әдебият, нақыл-мақаллардан, кинофильм материалларынан пайдаланыў мүмкин. Мысалы: «Урлық басланады түйнектен, оған оны кимдур үйреткен» қарақалпақ халқының нақылы арқалы оқыўшыларға урлық жынаят екенлигин, оған ҳуқықый жаза бар екенлигин, ҳеш ким анасынан урлықшы болып туўылмаслығын, оған сыртқы орталықтың, жаман адамлардың тәсири, социаллық жағдайлар себеп болатуғынлығын кеңирек түсиндириўге болады.

Сабақ барысында оқыўшылардың пикирлерин, олар алып келген хабарларды еситип, оқытыўшы оларды ҳуқықый жақтан анализлеп, баҳалап барылса, бул да оқыўшылар ушын тәрбия мектеби болады. Себеби, сабақта оқыўшылардың белсендилиги артады ҳәм өзлерине исеним сезими оянады. Мектеп оқыўшыларына ҳуқықый билим бериў арқалы оларды қоршаған орталыққа мәдениятлы қатнас жасаўға үйретемиз. Биз оқыўшыларға қоршаған орталық жанлы екенлигин, өсимликлер дүньясын, ҳаўанатлар дүньясын асырып абайлаў, суў ресурсларынан үнемли пайланыў, ысырап етпеў, сондай-ақ экологиялық қәўиптиң алдын алыў, қоршаған тәбийий орталықты таза сақлаў ҳәр биримиздиң нызамлы миннетимиз екенлигин түсиндиремиз.

Тараў қәнигелериниң пикиринше, жасларда хуқықый мәдениятты қәлиплестириў ушын халқымыздың уллы ўәкиллериниң үгит-нәсиятлары, Конституция ҳәм мәмлекетимизде қабыл етилип атырған нызамлар, пәрманлар ҳәм қарарларды избе-из үйренип барыў, ҳуқықый газета ҳәм журналларды оқыў, мәҳәллелерде өткерилетуғын илажларда қатнасыў, сондай-ақ, телевидение ҳәм радио арқалы ҳуқыққа байланыслы көрсетиў ҳәм еситтириўлерди бақлап барыўға айрықша итибар қаратылыўы лазым делинеди [4]. Соның менен қатар, жаңа технологияларды пайдаланған ҳалда, хуқық тараўы менен байланыслы халық аўызеки әдебияты дүрданаларын, улыўма цивилизация раўажланыўы барысында қәлиплескен жәҳан тәжирийбесин кеңнен пайдаланыўымыз лазым.

Жас әўладты тәрбиялаў даўамында улыўма билим бериў мектеплеринде кең көлемли әмелге асырылып атырған жумыслардың бир бағдары – бул жәмәәтлик ис-илажлар. Бул процесске тек улыўма билим бериў қәнигелери ғана емес, арнаўлы хуқықты қорғаў органлары ўәкиллери кеңнен тартылыўы тийис. Мысалы, Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги тәрепинен 2019-жылы 31-август күни «2019-жыл август айында «Инсан хуқықлары – ең жоқарғы қәдирият» атамасында хуқықый саўатханлық айлығын өткериў бойынша ис-илажлар Режеси» қабыл етилди. Усы Реже тийкарында мәмлекетимиз бойлап бир қатар ис-илажлар шөлкемлестирилди. Республикамыз мектеплеринде олар, тийкарынан, ушырасыў формасында алып барылды. Ондай ушырасыўларға төменги қатардағы Ишки ислер министрлигиниң ўәкиллери (участкалық инспекторлар) қатнасты. Базы бир мектеплерде сол мектеп оқытыўшыларының өзлери сәўбет өткерилиўи менен әмелге асырылды. Усындай илажлардың бири Әмиўдарья районының 82-санлы мектебинде тек билим бериў мәкемесиниң хызметкерлериниң қатнасыўында «сәўбет» шөлкемлестирилген. Қуўанарлысы, бундай көринислер азайып, кейинги ўақытлары Қарақалпақстанда жаслар арасында ҳәр қыйлы хуқықый бағдардағы таңлаўлар, телекөрсетиўлер, сәўбетлесиўлер, хуқықтаныўшылар менен ушырасыўлар турақлы түрде өткерилип киятыр. Соның менен қатар, ҳәзирги күндеги мәмлекетимиздеги жағдайдан келип шығып, усындай илажларға денсаўлықты сақлаў тараўының, киши бизнес ҳәм исбилерменликти қоллап-қуўатлаў агентликлери ўәкиллериниң қатнасыўы да мақсетке муўапық деп ойлаймыз.

Улыўма алғанда, бүгинги күнде улыўма билим бериў мектеплериниң оқыўшылары, улыўма жасларымыздың хуқықый саўатханлығын асырыў арқалы олардың жәмийетлик турмыста өз билимлерин пайдаланып, хуқықларын қорғаў имканиятына ийе болады ҳәм олардың хуқықый сана-сезими артады. Оның нәтийжесинде мәмлекетимизде демократиялық хуқықый мәмлекеттиң хуқықый тийкарлары беккемленеди ҳәм раўажланып бара береди.

**Әдебиятлар**


1. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. –Тошкент: 2018.
2. Ўзбекистон Республикаси Президентининг ПФ-5618-санлы «Жамиятда хуқуқий онг ва хуқуқий маданиятни юксалтириш тизимини тубдан такомиллаштириш тўғрисида» Фармони. 2019 йил, 9 январь. // https://lex.uz/docs/4149765

3. Матюхин А.Н. Правовое воспитание и обучение учащихся в средней школе. // Вестник ТГПУ. 2013. №5. –С.202.
4. Тўраева С., Шоимкулова З. Таълим тизимида ёшларнинг ҳуқуқий маданиятини шакллартириш усуллари // Замонавий таълим, 2016. №4. – 5-б.

**РЕЗЮМЕ**

Бу мақолада мактаб ёшидаги болаларнинг ҳуқуқий маданиётин шакиллантиришда мактабта ўқитиладиган ҳуқуқ фанларининг ўрни,,шунунгдек юртимизда ёшларнинг ҳуқуқий маданиётин ҳамда ҳуқуқий тарбиясини юксалтиришда мамлакатимизда қабул қилинган меъёрий ҳужжатларнинг аҳамиёти ҳақида сўз этилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье обсуждается роль права в школе в формировании правовой культуры детей школьного возраста, а также значение нормативных документов, принятых в нашей стране, для повышения правовой культуры и правового воспитания молодежи в нашей стране.

**SUMMARY**

This article discusses the role of legal science in school in the formation of the legal culture of school-age children, as well as the importance of the normative documents adopted in our country in raising the legal culture and legal education of young people in our country

# БОЛАЛАР СОҒЛОМЛАШТИРИШ ОРОМГОҲЛАРИДА КИЧИК МАКТАБ ЁШИДАГИ ЎҚУВЧИЛАРНИНГ МАЪНАВИЙ-АХЛОҚИЙ ФАЗИЛАТЛАРИНИ ШАКЛЛАНТИРИШНИНГ КОНЦЕПТУАЛ, ИЖТИМОИЙ, ҲУҚУҚИЙ АСОСЛАРИ

**А.Ж.Айназарова -** *мустақил тадқиқотчи*
*Бердақ номидаги Қорақалпоқ давлат университети*

**Таянч сўзлар:** маънавият, ахлоқ, ўқувчи, оромгоҳ, жамият, соғлом авлод, миллий қадрият, одоб - ахлоқ нормаси, концептуал, ижтимоий, ҳуқуқий, дунёқараш, интернет, ижтимоий тармоқ, мафкуравий иммунитет, диний бағрикенглик, миллатлараро тотувлик, ахборот технологиялари, китобхонлик.
**Ключевые слова:** духовность, этика, студент, разрыв, общество, здоровое поколение, национальные ценности, нравственные нормы, концептуальный, социальный, правовой, мировоззрение, интернет, социальная сеть, идеологический иммунитет, религиозная толерантность, межнациональная гармония, информационные технологии, чтение.
**Key words:** spirituality, ethics, student, break, society, healthy generation, national values, moral norms, conceptual, social, legal, worldview, internet, social network, ideological immunity, religious tolerance, interethnic harmony, information technology , reading.

Жамиятнинг ижтимоийлашув жараёнларида ёш авлод маънавий-ахлоқий фазилатларини шакллантириш масаласи долзарб муаммолардан бири бўлиб келган. Зеро, янги давр шиддати таълим-тарбия тизимига ҳам ўзининг аниқ, қатъий талабларини қўймоқда. Жамиятнинг соғломлиги эса, ўсиб келаётган ёш авлоднинг юқори даражада соғлом турмуш маданиятига эга бўлишини тақозо этади. Шунга кўра, агар жамиятда мавжуд барча институтлар томонидан болалар маънавий ва жисмоний саломатлигини муҳофаза қилишга қаратилган шарт-шароит яратилса, ўша жамиятда яшаётган ўсиб келаётган ёш авлоднинг маънавий-ахлоқий дунёқарашини шакллантириш юқори даражага кўтарилади, дейиш мумкин.

Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2018 йил 14 августдаги “Ёшларни маънавий-ахлоқий ва жисмоний баркамол этиб тарбиялаш, уларга таълим-тарбия бериш тизимини сифат жиҳатидан янги босқичга кўтариш чора-тадбирлари тўғрисида”ги ПҚ-3907-сонли Қарорида “ўқувчи-ёшларнинг бўш вақтини мазмунли ташкил этиш учун зарур бўлган маданий-кўнгилочар объектлар, мактабдан ташқари таълим муассасалари, шу жумладан, жойларда турли ижодий ва таълим тўгараклари, спорт секцияларининг етишмаслиги болаларнинг соғлом руҳда тарбияланишига ва тўғри ҳаёт йўлини танлашига салбий таъсир кўрсатмоқда” [1] деган фикрлари соғломлаштириш мавсумида ҳам оромгоҳ олдида турган тарбиявий мақсадларни амалга ошириш учун маънавий - ахлоқий тарбия жараёнининг мазмун моҳиятини ёритишга қаратилган тизимли ишларни ташкил этиш масалаларига алоҳида эътибор қаратиш лозимлигини кўрсатади. Бу, албатта, биринчи навбатда, телевидение, радио, газета ва журналлар, интернетдаги ижтимоий тармоқлар ҳамда фаол веб-сайтлар орқали мамлакатда фаолият юритаётган оромгоҳларда амалга оширилаётган кенг қамровли ислоҳотларнинг мазмуни ва моҳиятини тушунтириш юзасидан тарбиявий ишларни ташкил этиш, иккинчидан мавсумни намунали ташкил этиш ва уюшқоқлик билан ўтказиш мақсадида касаба уюшмалари, давлат органлари ва улар тизимидаги ташкилотлар тасарруфида бўлган оромгоҳлар фаолиятига, шунингдек касаба уюшмалари маблағлари йўналтириладиган бошқа оромгоҳлар фаолияти мазмунини ёритишга доир кўрсатув ва ижтимоий роликлар тайёрлаб, телевидение ва Интернет орқали жамоатчилик эътиборига ҳавола қилиб бориш, [2] учинчидан ўқувчилар ўртасида мафкуравий иммунитет, диний бағрикенглик ва миллатлараро тотувликни шакллантириш, ёт ғоялар таъсирига тушиб қолишни олдини олишга қаратилган таъсирчан тарғибот усулларини жорий этиш механизмларини ишлаб чиқиш муҳимлигини кўрсатади.

Кичик мактаб ёшидаги ўқувчиларни маънавий-ахлоқий фазилатларини шакллантириш – узлуксиз маънавий тарбия концепциясининг бош мақсади асосини ташкил қилади. Шундан келиб чиқиб, болалар соғломлаштириш оромгоҳларида кичик мактаб ёшидаги ўқувчиларни маънавий-ахлоқий фазилатларини шакллантириш тизими - бу узлуксиз таълим тизими, спорт-соғломлаштириш объектлари ва ижтимоий институтлар ҳисобланиб, улар билан ҳамкорликда амалга ошириладиган таълим-тарбиявий ишларнинг узвий алоқадорлиги ва узлуксизлигини таъминлаш муҳим педагогик аҳамият касб этади.

Республикамизда кейинги йилларда қабул қилинган бир қатор ҳужжатлар умумтаълим мактаб ўқувчиларида маънавий-ахлоқий фазилатларини мукаммал шакллантириш соҳасида самарали меъёрий -ҳуқуқий базани яратиш имконини берди. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2019 йил 30 сентябрдаги ПҚ-4467-сонли “Халқ таълими тизимидаги мактабдан ташқари таълим самарадорлигини тубдан ошириш чора-тадбирлари тўғрисида”ги Қарори, Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг “Болаларнинг дам олишини ташкил этиш ва соғломлаштириш тизимини янада такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида” Қарори, шунингдек Президент Ш.М.Мирзиёевнинг Олий Мажлисга мурожаатномасида “Ўзбекистонни ривожланган мамлакатга айлантиришни мақсад қилиб қўйган эканмиз, бунга фақат жадал ислоҳотлар, илм-маърифат ва инновация билан эриша оламиз [3] деган таъкидлари, шунингдек нафақат ёшлар, балки бутун жамиятимиз аъзоларининг билими, савиясини ошириш учун аввало илм-маърифат, юксак маънавият кераклигига устувор вазифа сифатида алоҳида эътибор қаратилиб, ўғил - қизларимизнинг интеллектуал ривожланиши, маънавий ва жисмоний камолоти йўлида кенг қамровли ишлар амалга оширилмоқда.